



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE 20 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU
AMEYORE KOMINIKASYON IJANS YO AK PWOTEJE NOUYÒKÈ YO**

Pwogram Eta finance sipòte sistèm kominikasyon ijans atravè eta a nan amelyore kapasite repons pou ijans yo

Finansman yo dwe itilize pou nouvo pwojè, enstalasyon ekipman, chanèl kominikasyon amelyore ak fòmasyon ak egzèsis

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te bay 20 milyon dola nan finansman eta a pou sèt konte ak Vil New York pou amelyore kominikasyon ijans yo epi pwoteje Nouyòkè yo. Y ap itilize finansman pwogram Sibvansyon pou Kominikasyon Entèkonekte nan Tout Eta a (Statewide Interoperable Communications Grant, SICG) pou ede gouvènman konte yo amelyore ak ranfòse kapasite repons lokal pou ijans lè yo invest nan kominikasyon sekirite piblik nan zòn enpòtan yo atravè eta a.

"Sekirite piblik se priyorite nimewo en mwen, epi enfòmasyon se pi bon zouti nou genyen pou pwoteje moun nan sitiyaasyon ijans", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Enfrastrikti kominikasyon ijans nou an enpòtan anpil pou kenbe kominote yo an sekirite, epi investisman sa yo pral amelyore kapasite nou pou nou rive jwenn Nouyòkè yo anvan ijans yo rive epi ede nan efò nou pou nou reponn ak yo."

Se Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta ki pral administre 20 milyon dola nan finansman eta a nan kad Pwogram Sibvansyon Sible nan kad Sibvansyon pou Kominikasyon Entèkonekte nan Tout Eta a (Statewide Interoperable Communications Grant, SICG) an 2023. Objektif prensipal pwogram Sible SICG a se pou fèmen twou vid ki genyen nan enfrastrikti entèkoneksyon an, defisyans kominikasyon rejyonal yo, amelyore redondans ak rezistans ak aplikasyon chanèl Entèkoneksyon Nasyonal yo. Tout konte Eta New York yo te elijib pou aplike pou finansman Sible SICG a. Benefisyè yo ka itilize finansman an pou fè plizyè pwojè kominikasyon ijans, tankou enstalasyon nouvo ekipman, amelyore chanèl kominikasyon nan mitan sistèm radyo sekirite piblik yo ak fòmasyon ak sipò pou fè egzèsis pou ankouraje kominikasyon ijans ant rejyon yo ak preparasyon pou premye sekouris yo.

Komisè Depatman Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, Prim sa yo jwe yon wòl enpòtan nan ede sekouris lokal nou yo amelyore ak modènize sistèm kominikasyon ijans ki egziste deja yo, epi ankouraje plis entèkoneksyon ant konte yo ak patnè pa yo."

Prim sibvansyon Sible SICG yo anonse jodi a yo anba a:

□

Konte	Kantite Lajan ki te Akòde	Pwojè
Konte Cattaraugus	\$178,972.00	Mete konpozan sistèm radyo yo ajou, tankou sèvè ak konsol repatisyon yo, ansanm ak etabli koneksyon ant konte yo.
Konte Chenango	\$3,000,000.00	Yon nouvo sistèm radyo dijital Project 25 pou pote plizyè ajans nan yon sèl sistèm radyo. Prewa plis sit radyo nan Chanèl Entèkoneksyon Nasyonal yo.
Konte Dutchess	\$3,000,000.00	Yon nouvo sistèm radyo dijital Pwojè 25 ki pral genyen entèkoneksyon ak konte ki antoure yo ak MTA-PD.
Konte Genesee	\$2,257,429.00	Konte a pral ranplase yon sit tou radyo prensipal, ki pral pèmèt elajisman chanèl entèkoneksyon nasyonal yo.
Konte Livingston	\$2,570,999.00	Konte a pral elaji Chanèl Entèkoneksyon Nasyonal yo nan tout gwoup, kidonk sa k ap amelyore kouvèti ak kapasite nan tout konte a.
New York City	\$3,000,000.00	Vil New York pral itilize prim sibvansyon an pou amelyore ak ranfòse chanèl entèkoneksyon nasyonal yo, pou amelyore entèkoneksyon ak konte ki antoure yo nan alafwa New York ak New Jersey.
Konte Schoharie	\$3,000,000.00	Konte Schoharie pral itilize prim sibvansyon an pou elaji sistèm radyo dijital ki gen reous pataje nan Distri Kapital la nan konte a.
Konte Washington	\$2,992,600.00	Konte a pral kreye yon nwayo radyo pataje ak konte vwazen yo, enkonekte konsol radyo yo epi itilize rezo mikwo ond yo pou amelyore entèkoneksyon sou tou de bò Rivyè Hudson lan.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram SICG la sou sitwèb DHSES la [isit la](#).

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo \(Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES\)](#) ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv [@NYSDHSES](#) sou [Facebook](#), [Instagram](#), ak [X](#) (anvan li te rele Twitter) oswa vizite dhses.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)